



Enfòmasyon pou fanmi k ap fè alètman yo

Sevre Bebe W K Ap Fè Alètman

Òganizasyon Sante Mondyal la ak Akademi Pedyatrik Ameriken an sijere moun fè alètman pandan sis mwa. Nan moman sa, ou kapab kòmanse ap ajoute manje solid, epi kontinye fè alètman; lèt tete a sipoze manje prensipal la pandan premye lane bebe a an vi. Kontinye jiska laj 2 lane oubyen pi long, jan bebe w avèk ou ta dezire.

Sevre kapab fasil oubyen difisil. Dabò, asire se sa w vle. Lè li te yon eksperyans ki te tèlman chalere, ak bon jan lanmou, pafwa li difisil lage sa epi vanse nan pwochen etap la. Reflechi sou li, epi si w sèten, lè sa wa bay bebe w mesaj ki klè.

Sevraj Dirije pa Manman

Sevraj ki dirije pa manman vle di se ou menm ki deside lè se bon moman an. Abandone youn sesyon alètman (oubyen ponpe) chak semèn epi ranplase li avèk alimante ak fòmil oubyen manje solid. Si w ap fè alètman 8 fwa chak jou, konsa li t ap pran 8 semèn pou fin sevre nèt.

Sa a se yon fason lan ak dou pou bebe w transfere nan yon lòt metòd alimante epi pou w redwi founiti lèt ou.

Genyen kèk manman/paran ki renmen kontinye fè alètman pandan pi lontan, tankou alètman lannwit lè pou dòmi.

Ou kapab akselere kalandriye sa a si sa nesèsè si w abandone youn sesyon alètman chak 2-3 jou. Si sen w vin anfle, sèvi ak glas pou ede ak malalèz la.

Sonje anbrase bebe w pou ede ak tranzisyon an.

Sevraj Dirije pa Bebe

Dirije pa bebe vle di bebe a pèdi enterè epi sevre pou kont li.

Sa a kapab kòmanse pandan yo ògmante konsomasyon manje food epi vin okipe nan eksplòre lemonn otou de yo a.

Sevraj dirije pa bebe se yon pwosesis gradyèl pandan plizye mwa. Swiv pitit ou!

Yon rapèl itil pou tip sevraj sila a se: Pa ofri; pa refize.

Ranvwaye Sevraj Si:

Bebe a oubyen manman a malad oswa entènè lopital.

Fanmi a ap vwayaje, pandan peryòd vakans oubyen lòt moman estrès ki pa nòminal.

Bebe a ap koupe dan.

Manman fè mastit.

Bebe a an plen kwasans.

Ou kapab santi yon santiman tristès ak pèt pandan sevraj. Sa a pasyèlman akòz de chanjman an nan relasyon an avèk bebe w, epi pasyèlman akòz de chanjman nan òmòn nan alètman. Obsève sen w yo pou boul, ak “kote ki cho”. Fè masaj dousman pou yo pandan sesyon alètman yo jiskaske yo pase. Ou kapab ponpe lèt ak men w oubyen yon ponp alètman nenpòt kilè w santi sen yo telman chaje ou malalèz jis pou soulaje chaj la. Si w vin fè fyè, yon kote ki dekolore oubyen sansib, oubyen yon boul ki pa vle pase, kontakte Founisè w. Masyon ak mant pwavre kapab ede redwi founiti a. Epi tou ou kapab mete glas oubyen fèy chou sou sen w plizye fwa chak jou.

Enfòmasyon ki founi yo fèt sèlman pou objektif edikasyon ak enfòmasyon jeneral. Li pa ni fèt ni enplike li ranplase konsèy medikal pwofesyonèl. Toujou chache konsèy founisè swen medikal ou pou tout kesyon ou kapab genyen konsènan kondisyon medikal pa w oubyen sa de ti bebe w. Pa janm neglije konsèy medikal pwofesyonèl ni retade chache li akòz yon bagay ou te aprann nan enfòmasyon sa yo. Mete w alèz pou fè kopi selon lisans komen kreyatif CC BY-ND. Resous Edikasyon Alètman 2023.